

Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK LIDÈ YO NAN KÒ LEJISLATIF LA ANONSE BIDJÈ KI
PWOMILGE POU 2020 AN GEN LADAN 33.2 MILYON DOLA ASISTANS
LOKAL POU KORE ENDISTRI AGRIKÒL LA NAN NEW YORK**

***Finansman an ap kore rechèch esansyèl, asistans teknik, reklam ak pwogram
edikatif***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Asanble a Carl Heastie te anonse Bidjè yo Adopte pou ane fiskal 2020 an gen ladan 33.2 milyon dola finansman asistans lokal pou devlope endistri agrikòl la nan New York. Finansman sa a pral pote lajan ki esansyèl pou soutni asistans teknik espesyalize, rechèch, devlopman ak pwomosyon ekonomi agrikòl la, aksè a pwodui agrikòl yo, edikasyon ak pwogram pou mendèv la.

"Agrikilti se yon faktè enpòtan nan ekonomi Eta New York la ak baz anpil nan kominote lokal yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Finansman sa a sible domèn kritik yo nan endistri a pou rekonpanse epi pouse devlopman, epi an menm tan kore pwogram ki pral kenbe fèm yo ak pwodui klas mondyal y ap vann yo pandan plizyè jenerasyon."

Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, "New York gen lakay li yon endistri agrikòl 5 milya dola ki ofri djòb pou plizyè santèn milye rezidan nan eta nou an. Majorite Sena a te fyè soutni investiman ki gen bon sans toupatou nan Eta New York la pou ekonomi nou an kapab kontinye ap devlope epi ap inovè. Mwen bat bravo pou Senatè Jen Metzger, Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), pou lidèchip li nan kesyon kritik sa a. Majorite Sena a pral kontinye travay avèk kolaboratè nou yo nan gouvènman lokal ak eta a pou investi nan endistri agrikilti ak agritouris yo nan New York".

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Pandan vizit anyèl mwen an nan tout eta a, mwen toujou enpresyone devan kalite ak divèsite agrikilti a nan New York, ak devan kijan li esansyèl pou kominote nou yo ak ekonomi nou an. Nan bidjè ane sa a nou te restore plizyè milyon dola finansman pou rechèch, maketin ak soutyen pou pwogram pou kominote agrikòl nou an. Majorite Asanble a, ki gen nan tèt li Prezidan Agrikilti nou an Donna Lupardo, pral kontinye lite pou fèmye nou yo ak travayè agrikòl nou yo kapab gen resous yo bezwen yo pou devlope ak pwospere".

"New York pran angajman soutni epi devlope endistri agrikòl solid nou an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral garanti fèmye lokal ki ofri fanmi New York yo ak moun toupatou nan lemond pi bon pwodui yo kontinye jwenn soutyen ak siksè. Nou fyè investi ak pouse endistri agrikòl la pou ogmante vant epi elaji resous ki disponib yo pou fèm nou yo toupatou nan eta a."

An Janvyè 2019, Gouvènè a te fè yon pwopozisyon istorik 29.5 milyon dola finansman asistans lokal pou endistri agrikòl New York la, yon ogmantasyon plis pase 8 milyon dola pa rapò a pwopozisyon ane anvan an pou Bidjè Egzekitif la. Kò Lejislatif la ofri plis soutyen nan plizyè domèn pou Bidjè final ki Pwomilge pou 2019-20 an. Men yon apèsi pwogram ki finanse yo:

- 4.088 milyon dola pou pwogram Edikasyon ak Sansibilizasyon yo nan Cornell University, tankou paregzanp Agrikilti nan Saldeklas (Agriculture in the Classroom), Fiti Fèm yo nan Etazini (Future Farmers of America), Espesyalis Travay nan Fèm Cornell University a (Cornell University Farm Labor Specialist) ak Pro-Dairy
- 1.555 milyon dola pou pwogram Rechèch ak Devlopman yo nan Cornell University nan domèn fwi san nwayo, myèl, erab, zonyon, legim, sid, rezen Concord ak woublon ak lòj
- 5.887 milyon dola pou pwogram Devlopman Agrikòl, tankou paregzanp Taste NY, Grow NY, Asosyasyon Fabrikan Byè Eta New York la (NYS Brewers Association), Asosyasyon Fabrikan Sid Eta New York la (NYS Cider Association), Sosyete Fabrikan Likè Eta New York la (NYS Distillers Guild), Fondasyon Diven ak Rezen New York la (NY Wine and Grape Foundation), Asosyasyon Kiltivatè Abdenwèl New York la (NY Christmas Tree Farmers Association), Asosyasyon Kiltivatè Pòm Eta New York la (NYS Apple Association), Pwodiktè Erab yo nan Eta New York (NYS Maple Producers) ak plis lòt toujou
- 10.9 milyon dola pou pwogram Aksè ak Edikasyon sou Agrikilti, tankou paregzanp 750,000 dola pou Soti nan Fèm Agrikòl Ale Lekòl (Farm-to-School), 250,000 dola pou Pwogram Pwoteksyon kont Kapotaj Traktè a (Tractor Rollover Program) sou administrasyon Sant New York pou Medsin ak Sante Agrikòl la (New York Center for Agricultural Medicine and Health), ak 9.275 milyon dola pou sant Devlopman Timoun Negòs Agrikòl yo (Agribusiness Child Development), ki ofri edikasyon preskolè ak sèvis sosyal pou fanmi agrikiltè yo toupatou nan Eta New York
- 7.655 milyon dola pou Sant Dyagnostik pou Zannimo (Animal Health Diagnostic Center) Cornell University a, ki ofri sèvis tèl laboratwa pou amelyore sante zannimo yo
- 2.035 milyon dola pou Enstiti pou Reyisit Fèm yo (Farm Viability Institute), ki ofri finansman pou pwojè rechèch agrikòl

Senatris Jen Metzger, Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), te deklare, "Bidjè Eta a pou ane 2020 an soutni yon evantay pwogram divès k ap ede garanti yon ekonomi agrikòl solid, vital, ak dirab nan New York. Kesewa nan domèn rechèch agrikòl, prezèvasyon teren agrikòl, soti nan fèm agrikòl ale lekòl, oswa nan reklam pou pwodui yo kiltive nan New York, investisman sa yo enpòtan pou sante ekonomi agrikòl nou an, anviwònman an ak sekirite alimantè alontèm nou".

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Donna Lupardo te deklare, "Ofri finansman adekwat pou pwogram agrikòl debaz nou yo se yon responsabiltè esansyèl gouvènman eta a ap egzèse pase pa pwosesis bidjè a. Soutyen pou rechèch, edikasyon, maketin ak devlopman se kle a pou ede pwodiktè yo mete sou pye pi bon pratik yo soti nan plante, pase pa rekòlte, rive nan komèsyalize.

Nou gen anpil chans gen yon ekonomi agrikòl solid konsa nan Eta New York gras a devouman ak kolaborasyon tout moun k ap patisipe yo. Jwenn jan pou ede sektè sa a devlope ak pwospere dwe rete yon priyorite prensipal".

Finansman asistans lokal la ap kore pwogram agrikòl debaz yo. Bidgè ki Pwomilge pou 2019-20 an te gen ladan plis finansman pou soutni pwogram maketin ak reklam, tankou Taste NY, epitou yon lòt 2.5 milyon dola fon pou depans kapital ankò pou Fwa Eta New York la. Bidjè a te prevwa tou 300 milyon dola pou Fon pou Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Fund), ki soutni pwogram anviwònman agrikòl pi enpòtan yo, sa gen ladan 18 milyon dola pou Pwoteksyon Teren Agrikòl (Farmland Protection), 18 milyon dola pou Pwogram Kontwòl Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a (Agricultural Nonpoint Source Pollution Control Program), 10.5 milyon dola pou Distrik Konsèvasyon Sòl ak Dlo yo (Soil and Water Conservation Districts) ak 4.5 milyon dola pou Pwogram Fèm ki Reziste a Klima a (Climate Resilient Farms Program).

###

Lòt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)